

UJI KOMPETENSI

Pilihlah wangsulan kang paling bener kanthi menehi tandha ping (X) ing pratelan A, B, C, utawa D!

1. Karangan kang isine nyritakake kedadean/prastawa kanthi runtut miturut dumadine wektu diarani karangan

A. Persuasi
B. Eksposisi

C. Narasi
D. Argumentasi

Kanggo soal no. 2 - 5

Seni Tradhisi Sansaya Langka

Seni tradhisi sansaya suwe sansaya langka. Ana unen-unen barang sing langka malah akeh sing nggoleki utawa dhuwur pangajine. Nanging mangertia, senadyan dhuwur pangajine sing seneng marsudi lan nguri-uri sansaya sethithik. Akeh nom-noman sing wis ora gelem nggepok marang seni tradhisi, rumangsa luwih unggul katimbang liyane yen nganggo tatacara nagara manca. Tuladha sing paling gampang yaiku akeh para sarjana lan sujana ngrembug bab basa Jawa ora nganggo basa Jawa. Kabudayan manca sansaya nunjem ing jantunge bebrayan Jawa. Ora mung bab teknologi wae wong-wong kagiwang marang barang manca, nanging bab panganggo, basa, lan uga tatacara, tingkah polah uga ngiblat marang bangsa manca. Wong Jawa rumangsa isin yen isih gelem nganggo basa, tatacara, tingkah polah lan sapanunggalane sing isih mambu-mambu Jawa. Semono uga kesenian karawitan sing saiki urip ing satengahing bebrayan Jawa. Sajake seni tradhisi mung bisa urip ing tengah-tengahing masyarakat padesan.

Kabesut saka: <http://jv.wikipwdia.org>

2. Geneya akeh nom-noman kang ora gelem nggepok marang seni tradhisi ?
- A. Amarga seni tradhisi iku dianggep angel.
B. Amarga budaya Manca luwih enak dianggo.
C. Amarga isin manawa diarani kuna/ketinggalan jaman.
D. Amarga rumangsa luwih unggul katimbang liyane yen nganggo tatacara nagara manca.
3. Salah sawijining seni tradhisi kang dununge sansaya ilang amarga ditinggalke para nom-noman kang disebutake ing wacan dhuwur yaiku
- A. Wayang wong
B. Kethoprak
C. Jathilan
D. Karawitan
4. Isi wacan ing wacan dhuwur yaiku
- A. Seni tradhisi kang saya suwe sansaya ngrembaka.
B. Wong Jawa rumangsa isin yen isih gelem nganggo basa, tatacara, tingkah polah lan sapanunggalane sing isih mambu-mambu Jawa.
C. Seni tradhisi kang saya suwe sansaya langka.
D. Wong Jawa rumangsa mongkog/seneng yen isih gelem nganggo basa, tatacara, tingkah polah lan sapanunggalane sing isih mambu-mambu Jawa.
5. Pratelan kang jumbuh karo wacan ing dhuwur yaiku
- A. Seni tradhisi sansaya suwe sansaya ngrembaka.
B. Kabudayan manca sansaya nunjem ing jantunge bebrayan Jawa.
C. Seni tradhisi iku dhuwur pangajine mula sing seneng marsudi lan nguri-uri sansaya akeh.
D. Akeh nom-noman sing isih gelem nggepok marang seni tradhisi.

Kanggo soal no. 6 - 10

Ujungan ing Desa Gumelem Banjarnegara

Srengenge ing jam 9 esuk wis sumelet, manget-manget, panas ing lapangan desa Gumelem Wetan kecamatan Susukan Banjarnegara. Atusan warga desa katon wiwit teka kairing swara gamelan, saron, kendhang, kenong, gong; kanthi gendhing Banyumasan. Ricik-ricik, Eling-eling; sing ditabuh dening para niyagane ing papan iku. Awan iku, para warga arep nonton ritual taunan kanggo njaluk banyu udan, amarga udan wis ora temurun suwe ing mangsa ketiga dawa.

“Adicara ritual iki pancen kudu dileksanakake ing dina Jemuah Kliwon, yen ora dina Jemuah Kliwon bisa ana bebaya,” critane Nasrowi, 71 taun, dhukun nyepisan pawang ritual sabet penjalin utawa Ujungan.

Nasroni crita, acara ritual Ujungan iku wis ana wiwit taun 1830 lan dilestarekake tumeka saiki. Dheweke crita, jare mbiyen ing mangsa ketiga dawa akeh warga sing padha “perang” amarga rebutan banyu kanggo ngileni sawah-sawah garapane.

“Penyebabane padha perang amarga banyu susah, ora ana banyu, yen ana mesthi kanggo padha rebutan, nganti diwangi sabet-sabetan, benthong-benthongan,” critane Nasrowi.

Akibat “perang” kasebut, korban jiwa sering kedadean. Kanggo nyegah kedadean korban sing luwih akeh banjur dianakake ritual Ujungan iku. Ing acara Ujungan iku, warga desa disedhiyani lapangan, gelanggang, arena. Kanggo Ujungan (perang) kasebut panitia nyedhiakake sabet penjalin sing dawane kira-kira semeter.

Miturut Kepala Desa Gumelem Wetan, Budi Sulistyo, Ujungan iki mung dianakake ing mangsa ketiga dawa, mligi ing mangsa kapat (Oktober) lan kalima (Nopember). Piyambake uga crita, masyarakat padha nduweni kapitayan, udan bakal tumurun manawa ana salah sijine petarung sing tatu nganti ngetokake getih menyang bumi, menyang Pertiwi. Getih kasebut mujudake lambang, tandha anane pengorbanan warga menyang Gusti.

Kabesut saka Panjekar Semangat No.6-9 Pebruari 2013

6. Ana ing ngendi prastawa budaya kasebut kalakonan?
 - A. Ing desa Gumelem Wetan kecamatan Susukan Banjarnegara.
 - B. Ing desa Gumelem Kulon kecamatan Susukan Banjarnegara.
 - C. Ing desa Gumelem Kidul kecamatan Susukan Banjarnegara.
 - D. Ing desa Gumelem Lor kecamatan Susukan Banjarnegara.
7. Piyambake uga crita, masyarakat padha nduweni kapitayan ... (ukara kapindho alenia pungkasan). Tembung kang kacithak miring nduweni teges
 - A. Nasrowi
 - B. Budi Sulistyo
 - C. Warga desa Gumelem Wetan
 - D. Para niyaga
8. Kapan upacara Ujungan dianakake?
 - A. Dina Jemuah Kliwon ing mangsa ketiga dawa, mligi ing mangsa kapat (Oktober) lan kalima (Nopember).
 - B. Dina Selasa kliwon ing mangsa ketiga dawa, mligi ing mangsa kapat (Oktober) lan kalima (Nopember).
 - C. Dina Jemuah Paing ing mangsa ketiga dawa, mligi ing mangsa kapat (Oktober) lan kalima (Nopember).
 - D. Dina Selasa Paing ing mangsa ketiga dawa, mligi ing mangsa kapat (Oktober) lan kalima (Nopember).

9. Kepriye mula bukane upacara Ujungan?
- A. Mbiyen ing mangsa ketiga dawa ora ana banyu saengga akeh warga sing padha “perang” amarga rebutan banyu kanggo ngombeni ternake. Akibat “perang” kasebut, korban jiwa sering kedadean. Kanggo nyegah kedadean korban sing luwih akeh banjur dianakake ritual Ujungan.
 - B. Mbiyen ing mangsa ketiga dawa ora ana banyu saengga akeh warga sing padha “perang” amarga rebutan banyu kanggo mangan lan ngombe dina-dinane. Akibat “perang” kasebut, korban jiwa sering kedadean. Kanggo nyegah kedadean korban sing luwih akeh banjur dianakake ritual Ujungan.
 - C. Mbiyen ing mangsa ketiga dawa ora ana banyu saengga akeh warga sing padha “perang” amarga rebutan banyu kanggo ngilani sawah-sawah garapane. Akibat “perang” kasebut, korban jiwa sering kedadean. Kanggo nyegah kedadean korban sing luwih akeh banjur dianakake ritual Ujungan.
 - D. Mbiyen ing mangsa ketiga dawa ora ana banyu saengga akeh warga sing padha “perang” amarga rebutan banyu kanggo ngisi genthonge. Akibat “perang” kasebut, korban jiwa sering kedadean. Kanggo nyegah kedadean korban sing luwih akeh banjur dianakake ritual Ujungan.
10. Masyarakat nduweni kapitayan magepokan karo upacara tradhisi Ujungan. Kapitayan apa kang dimaksud?
- A. Udan bakal tumurun manawa ana salah sijine petarung sing tatu nganti ngetokake getih menyang bumi, menyang Pertiwi. Getih kasebut mujudake lambang, tandha anane pengorbanan warga menyang Gusti.
 - B. Udan bakal tumurun manawa ana salah sijine petarung sing mati nganti ngetokake getih menyang bumi, menyang Pertiwi. Getih kasebut mujudake lambang, tandha anane pengorbanan warga menyang Gusti.
 - C. Udan bakal tumurun manawa sakabehing petarung padha tatu nganti ngetokake getih menyang bumi, menyang Pertiwi. Getih kasebut mujudake lambang, tandha anane pengorbanan warga menyang Gusti.
 - D. Udan bakal tumurun manawa sakabehing petarung mati nganti ngetokake getih menyang bumi, menyang Pertiwi. Getih kasebut mujudake lambang, tandha anane pengorbanan warga menyang Gusti.